

Countdown to Kindergarten Konte Desann Sou Matènèl Bilten Enfòmasyon

Bilten #1: Dewoulman Tan an: Konte Desann Sou Matènèl
Nan Lekòl Piblik Boston Yo

Bilten #2: Nimewo Enpòtan & Enfòmasyon Debaz

Bilten #3: Chwazi Lekòl

Bilten #4: Vizit Lekòl

Bilten #5: Enskripsyon Pou Matènèl

Bilten #6: Yon Jounen Tipik Nan Lekòl

Bilten #7: Asistans Anvan- ak Aprè-Klas

Bilten #8: Transpò

Bilten #9: Prepare Pou Lekòl:
Kote Pou N Ale, Sa Pou N Fè!

Bilten #10: Sante ak Sekirite pou Tikatkat yo

DEWOULMAN TAN AN: **Konte Desann Sou Matènèl Nan Lekòl Piblik Boston Yo**

Pandan Tout Lane a: Tout Fanmi Aprann Ansanm

- Lè ou vizite lekòl oubyen bibliyotèk piblik nou yo, pran yon bilten Konte Desann nou rele "Lakay ki Premye Lekòl Pou Yon Timoun" (*Home is a Child's First School*). Bilten sa a dekri aktivite amizan pou moun aprann chak mwa.
- Gade bilten (#9) nou an konsènan preparasyon pou lekòl. Li endike anpil kote nou ka ale ak anpil bagay ke nou ka fè!

Septanm – Oktòb 2007: REFLEKSYON SOU KOZE LEKÒL

- Rele youn nan Sant Resous Fanmi yo, nan lòt fas bilten sa a, pou ka konnen nan ki lekòl ou ka aplike pou pitit ou an. Vizite: www.bostonpublicschools.org.
- Kòmanse reflechi sou kisa ou bezwen nan yon lekòl (lokalizasyon, dimansyon, etc.). Wè bilten #3 ak #4 pou idea ak yon fèy pou ekzèse.
- Patisipe nan pwogram "BPS Showcase of Schools" nan dat 27 oktòb, de 10:00 a 1:00 PM nan "Reggie Lewis Athletic Center" an pou nou rankontre direktè ak pwofesè lekòl yo, ak lòt paran, epi travay elèv yok. Se bòn okazyon pou nou aprann sou lekòl yo.

Novanm 2007 – Janvye 2008: VIZITE LEKÒL YO

- Pran yon orè "School Preview Time" ki endike kilè ke chak lekòl envite paran yo vizite li. Orè sa yo disponib nan Entènèt ak nan tout Sant Resous Fanmi BPS yo, nan tout bibliyotèk nan Boston yo, ak nan pifò kote ki gen gadri yo.
- Aranje ou pou w vizite omwens 5 lekòl. "City of Boston" ak kòk lòt patwon ofri tan lib yon fason pou w kapab vizite epi wè lekòl yo an aksyon.
- Li ka bon pou w pòte bilten *Vizit Lekòl nou an*, (#4 lan) avèk ou lè ou prale.

4 Janvye – 1e Fevriye, 2008: ENSKRIPSYON POU LEKÒL

- Ale nan nenpòt Sant Resous Fanmi pou w anrejistre pou matèmèl laepi w ap gen yon sachè kado avèk yon liv tounèf pou timoun ak lòt kichòy! Vizite sou Entènèt oubyen telephone 617-63-LEARN pou w konnen dat enskripsyon y oak lòt enfòmasyon.
- Sonje ke w ap bezwen mansyone omwens 5 lekòl sou fòmilè enskripsyon an, epi ou dwe pòte 3 bagay avèk ou:
 - ✓ Batistè ou akt de Nesans oubyen paspò pitit ou a
 - ✓ 3 prèv adrès (gade bilten #5 pou ekzijans yo), epi
 - ✓ Yon fòmilè sètifika klinik ou doktè avèk prèv vaksinasyon tounèf pou timoun jiska 5 an (gade bilten #5).

Prentan 2008: NOUVELSOU LEKÒL KOTE YO PLASE W LA RIVE

- Fanmi ki te enskri na premye tou yo (4 janvyè – 1e fevriye) ap resevwa plasman nan lekòl yo pa lapòs 5 a 6 semèn aprè lafen premye tou enskripsyon an.
- Si ou se youn nan ti kantite fanmi ki gen pitit ki pa plase nan yon lekòl ou chwazi, ale tousuit nan yon Sant Resous Fanmi pou w ka aplike pou lekòl ki ankò gen ouvèti. (Gadè bilten #2 pou plis enfòmasyon sou Matènèl 0, 1 ak 2.
- Enskripsyon ap kontinye pou fanmi ki manke premye tou a, men chwa yo pi limite **anpil**.
- Lekòl toun+f pitit ou an pral envite ou nan yon sesyon byenveni pou w wè klas yo, pou w pale ak direktè an, epi pwofesè yo, epi pou w fè konesans ak lòt fanmi.
- “Countdown to Kindergarten” ap poste enfòmasyon konsènan anpil aktivite pou ede oumenm ak pitit ou prepare nou pou lekòl.

Lete 2008: ALE NAN EVÈNMAN ESPESYAL, WAP JWENN KADO LEKÒL LA

- Kandida pou klas matènèl yo ap jwenn yon pakè “Readiness Packet” ki gen ladan li yon DVD “I’m Ready!” , yon gid dete, epi yon yon mayo “I’m going to kindergarten”, k ap bay yo antre pou tan pou istwa gratis, pou yo vizite mize, ak lòt aktivite ki pou ede kò ak lespri yo kontinye grandi.
- Siveye enfòmasyon nan lapòs konsènan lòt evènman espesyal sou kòmansman lekòl lan, ki gen ladan yo yon gwo Selebrasyon pou Kindègaden nan “Boston Children’s Museum” lan.
- Si pitit ou a elijib pou transpò, lapòs ap pòte enfòmasyon an Avril sou otobis lekòl la.

Septanm 2008: LEKÒL KÒMANSE!

- Klas Matènèl yo ap kòmanse nan Lendi aprè “Labor Day” a. Premye jou sa a, timoun yo beswen abiye avèk mayo jòn nèf matènèl “Mwen prale nan klas matènèl” yo te resevwa a!

BPS “Family Resource Centers (FRCs)”:

Lè operasyon yo: 9:00am – 5:00pm eksepte pou mèkredi yo ki se: 9:00am -1:30 pm

1216 Dorchester Ave
Dorchester, MA
(617) 635-8015
(èd an anglè, panyòl,
pòtigè, chinwa, kreyòl
kapvedyen, fransè & vyetnamiyen)

55 Malcolm X Blvd.
Roxbury, MA
(617) 635-9010
(èd an anglè, panyòl,
chinwa, grèk, arabik,
somali, pòtigè, vyetnamiyen,
fransè, kreyol ayisyen, & kreyol
kapvedyen)

515 Hyde Park Ave
Roslindale, MA
(617) 635-8040
(èd an anglè & panyòl,
kreyol kapvedyen,
kreyòl ayisyen, fransè)

Peryòd enskripsyon cho: “FRC’s” ouvè chak jou sòti nan 9:00am rive nan 5:00pm.

Telephone “FRC’s” pou piplis lè operasyon.

Pou piplis enfòmasyon pi nèf, vizite nou nan www.bostonpublicschools.org, vni pale ak nou, oubyen rele nou nan yon “BPS Family Resource Center”, oubyen itilize “info line Countdown” lan ki se: (617) 63LEARN.

Nimewò Enpòtan BPS & Enfòmasyon Debaz

- Telefòn jeneral pou tout Lekòl Piblik Boston (BPS): (617) 635-9000
- “Website” BPS se: “www.bostonpublicschools.org”
- Nimewo telefòn aktif (Mwa Out ak Septanm): (617) 635-9046
- Edikasyon Espesyal: (617) 635-8599
- Transpò: (617) 635-9520
- Edikasyon Altènatif: (617) 635-8035
- Timoun K ap Aprann Anglè “English Language Learners”: (617) 635-9435
- Sèvis Manje ak Nouriti: (617) 635-9144
- Inite Elèv San Kay “Homeless Student Unit”: (617) 635-8037
- “Dept. of Extended Learning Time”, Sèvis Aprè Klas: (617)-635-1578
- Komite Konsèy Lekòl Boston (Boston School Committee): (617) 635-9014

BPS “Family Resource Centers (FRCs)”:

1216 Dorchester Ave
Dorchester, MA
(617) 635-8015
(èd an anglè, panyòl,
pòtigè, chinwa, kreyòl
kapvèdyen, fransè &
vyetnamyen)

55 Malcolm X Blvd.
Roxbury, MA
(617) 635-9010
(èd an anglè, panyòl,
chinwa, grèk, arabik,
somal, pòtigè, vyetnamyen,
fransè, kreyol ayisyen, & kreyol
kapvèdyen)

515 Hyde Park Ave
Roslindale, MA
(617) 635-8040
(èd an anglè & panyòl,
kreyol kapvèdyen,
kreyol ayisyen, fransè)

Lòt Resous:

- **Liy enfòmasyon Konte Desann Sou Matènèl:** (617) 63LEARN
- “Website” Konte Desann: “www.Countdowntokindergarten.org”
- **Konsèy Paran Lavil yo “Citywide Parents Council”:** (617) 635-9210
- “**Child Care Choices of Boston (swen pou timoun matènèl))617 348-6641**
- **Komite Konsèy Paran Elèv Bileng Yo:** (617) 635-8339
- **Rezo Òganizasyon Paran Boston yo:** (617) 373-5922
- **BOSTNET** (resous pou pwogram anvan- e aprè klas): (617) 426-8288
- “**BOSTN**avigator www.bostonnavigator.org” se plas pou nou lokalize pwogram “Out-of-School Time” nan lavil Boston lan
- **BOSTNET** (enfòmasyon pou pwogram anvan ak aprè klas): (617) 426-8288
- **BOSTNET** (website: www.bostnet.org)
- **Piblikasyon enpòtan de BPS** (disponib sou Internet oubyen nan Sant Resous Fanmi yo). “*Introduisant les Ecoles Publiques de Boston*” (dekri chak lekòl) ak “*Règleman Lekòl Boston Yo Pou Paran ak Elèv*”

(tounen paj la pou plis enfòmasyon)

ENFÒMASYON DEBAZ AK MO POU N KONNEN

“BPS”: vle di “Boston Public Schools” (Lekòl Piblik Boston yo).

Zòn Pasman ou “Assignment”: Nou divize Boston an zòn pou plasman nan lekòl yo: Zòn Lès, Nò ak Lwès. Fanmi lekòl elemantè yo ka chwazi pami lekòl sa yo ki nan zòn plasman yo an, oubyen nan yon lòt zòn ki toujou pwòch ase pou elèv lan mache ale, kèlkeswa zòn kote elèv lan ap viv. Yo kapab konsidere tou nenpòt pami twa (3) chwa K-8 yo ki nan lavil lan.

Zòn Pyeton: Lekòl ki nan zòn pyeton pou ou (walk zone) se lekòl ki tou prè lakay ou (preske a yon km edmi de lakay ou).

- Vizite www.bostonpublicschools.org oubyen rele nenpòt nan Sant Resous Fanmi yo pou mande pouki lekòl ou ka enregistre timoun ou yo. Mande tou pou lekòl nan zòn mache ou yo.

Sant Resous Fanmi [Family Resource Centers (FRCs)]: Anplwaye sant sa yo ede w chwazi lekòl, enskri nan lekòl, epi reste aktif nan edikasyon pitit ou. Chak sant gen anplwaye ki pale anglè ak panyòl. Sant Dorchester a ofri èd an vyetnamyen. Sant Roxbury a ofri èd an chinwa, grèk, ayisyen, somali, kapvèdyen, fransè, pòtigè, epi vyetnamyen. (Gade dèye paj sa a pou nimewo telefòn yo)

K2: Se yon klas mètènèl ak jounen konplè (6 zè) pou timoun ki gen laj 5 an anvan 1e septanm. BPS garanti yon plas lekòl pou chak timoun ki enskri pou K2.

K1: BPS elaji pwogram li pou timoun 4 an nou rele “K1” yo. Nan kat (4) dènye lane ki sòti pase yo, nou louvri 84 salklas tounèf, ki ban nou yon total pou 1,900 plas. Sepandan, nou ankò gen limit nan pwogram say o, e nou pa ka garanti plas pou K1.

K0: Pa gen anpil plas pou timoun ki gen 3 zan, e ke nou rele “K0”. Pifò plas sa yo ka al jwenn timoun ki gen enfimite, ak timoun ki deja gen granfrè ou gransè nan BPS. Si ou vle evalye enfimite pitit pa w la, pran kontak ak “Unified Student Services” nan (617) 635-7800.

- Pa bliye ke yon jounen lekòl dire sèlman sis (6) zè. Konsa, ou dwe asire ou ke orè yon pwogram dakò ak sa ou bezwen. Ou dwe asire tou ke ou gen yon “back up” aprè klas, oubyen yon plan pou gadri, piske nou pa garanti plas pou K0 e K1, epi tou anpil lekòl pa ofri sèvis aprè klas lakay yo pou ti laj sa yo. Si ou bezwen yon lis pwogram prematènèl ak “Head Start”, avèk enfòmasyon sou èd finansyè, rele “Child Care Choices of Boston” nan (617) 348-6641.

Sant Kòmansman yo Early Education Centers (EECs) and Early Learning Centers (ELCs): Program BPS yo ofri K0 oubyen K1 jiska klas 1 ou “1st grade”, epi yo gen tou swen gratis pou anvan ak aprè klas. Plas nan sant sa yo toujou ranpli byen bonè. 4 janvyè – 1e Fevriye).

Tan Vizit Lekòl yo School Preview Time - SPT: Peryòd sa a kòmans an Novanm pou l fini an Janvyè lè BPS envite ou vini wè kisa li gen pou l ofri ou, anvan ou enskri yon timoun. Nan kòmansman oktòb, ou ka pran yon orè nan yon FRC, nan yon sant kominotè, nan yon bibliyotèk, oubyen vizite nou nan “www.CountdownToKindergarten.org”

Lekòl Pilòt: Lekòl piblik sa yo fè pati de BPS. Yo ede paran yo, pwofesè yo, epi administratè lekòl yo eseye nouvo estrateji edikatif pou yo pataje pita avèk lòt lekòl.

“Charter Schools”: Se yon seri lekòl Piblik KI PA fè pati de sistèm BPS la. Depatman Edikasyon Leta Massachusetts la kontwole yo. Se paran, pwofesè, ak òganizasyon kominotè ki etabli lekòl sa yo. Si ou bezwen yon lis “Lekòl Charter” yo ak plis enfòmasyon, rele (781) 338-3227.

Chwazi Lekòl: Men Kèk Apèsi Itil

Lè fanmi nan Boston ap enskri pitit yo pou matènèl, yo gen dwa chwazi pami divès lekòl. Yon fanmi ka chwazi lekòl nan zòn lakay li, a yon mil distans, oubyen andeyò zòn lakay li. Vizite (www.bostonpublicschools.org) oubyen rele yon Sant Resous Fanmi BPS pou w jwenn yon lis lekòl kote pitit ou a ka jwenn admisyon.

APÈSI: Gen diferans ant lekòl yo. Konsa, reflechi sou bezwen ak enterè pitit ou a ak fanmi ou, tankou:

- *Lokalizasyon (ki zòn ou pi renmen)*
- *Gwosè lekòl yo (yo pran ant 100 a 900 elèv) ak kantite klas (pifò rive nan klas 5, men kèk rive nan klas 8)*
- *Orè lekòl yo (dabitid 8:30 am a 2:30 pm, oubyen 9:30 am a 3:30 pm)*
- *Pwogram anvan- ak aprè-klas (Anpil lekòl ofri pwogram enpòtan sa yome laj yo kon varye.)*
- *Anviwonman jeneral (Ki materyo ansèyman yo ekspoze? A ki pwen timoun yo angaje yo epi ki entèaksyon ki gen ant elèv e pwofesè oubyen edikatè?)*
- *Fasilite (A ki pwen yo pwòp? Èske yo teren jwèt, jymnastik, bibliyotèk, pisin, oditoryòm, kafeterya?)*
- *“Espesyalite”/anrichisman (aktivite atistik, mizik, natasyon, lòt aktivite edikasyon fizik, teyat, langaj?)*
- *Règleman konsènan inifòm (kèk komite konsèy lekòl vote pou inifòm, anpil lekòl pa mande inifòm, gen lekòl ki kite elèv la chwazi inifòm li vle)*
- *Metòd ansèyman ak pwogram ansèyman (kourikoulòm)*
- *Pwogram langaj ak edikasyon espesyal*
- *Kijan yo bay timoun yo nòt oubyen pwen (test scores)*
- *Kijan edikatè ak elèv yo divèsifye*
- *Kijan lekòl la aplike disiplin*

APÈSI: Gen divès fason ou ka tchyeke lekòl yo:

- **Fason ki pibon e pi senpl lan, se vizite lekòl yo oumenm!**
- Enfòmè w sou chak lekòl nan “*Entwodui Lekòl Piblik Boston yo*”
- Patisipe nan “BPS Showcase of Schools” nan dat 27 oktòb, de 10:00 a 1:00pm, nan “Reggie Lewis Athletic Center” pou nou pale ak anmenmtan edikatè ki sòti nan divès lekòl.
- Ale nan ekspozisyon anyèl “BPS Showcase of Schools” la le 21 Oktòb pou w pale ak ofisyèl epi paran lòt lekòl yo (rele yon FRC pou dat yo nan lane sa a)
- Koze ak ofisyèl Sant Resous Fanmi yo
- Vizite “website” BPS la: “www.bostonpublicschools.org”

(gade lòt bò paj la pou piplis enfòmasyon)

APÈSI: De 5 Novanm a 18 janvyè, se tan pou vizite lekòl yo, se lè sa a chak lekòl organize evènman pou fanmi ki enterese yo. Vizite, pale ak pwofesè, obsève klas yo, pale avèk lòt fanmi. Mande pou orè visit yo (SPT) nan tout bibliyotèk ou yon Sant Resous Fanmi. Vizite nou nan www.CountdownToKindergarten.org.

APÈSI: Lakomin Boston ak lòt patwon ofri tan pou paran vizite Lekòl yo pandan jou travay pou n wè yo an aksyon! Pale sou sa ak bòs pa w la (y ap peye w).

APÈSI: Nou itilize yon plan* chwa kontwòle avèk konpyoutè pou nou plase elèv yo. Pou genyen meye chans jwenn plas nan youn nan premye chwa w yo:

- ✓ Enskri nan youn nan jou premye tou yo (**4 janvyè – 1e fevriye**) pandan semèn sa a ki aplike a non fanmi w lan. Vizite www.bostonpublicschools.org, oubyen rele yon Sant Resous Fanmi pou yon orè. e ki kontinye jiska debi Fevriye.
- ✓ **Chwazi omwens 5 lekòl ou tanmen wè pitit ou ale yo. Piplis pibon.** Klase yon an nan sans sa ou renmen piplis rive nan sa renmen mwens.
- ✓ Anvan ou klase elèv yo sou fòmilè enskripsyon an, konsidere 5 kozea yo:
 1. **A ki pwen lekòl la popiplè?** Plis gen moun ki aplike pou yon lekòl se mwens ou gen chans jwenn plas ladan li. Eseye jwenn enfòmasyon sou bon lekòl mwens popilè yo.
 2. **Èske lekòl la nan zòn pyeton pa w la?** Moun ki rete nan zòn apye yo gen dwa a 50% nan plas lekòl la. Ou gen plis chans jwenn yon lekòl nan zòn pyeton pa w lan. Ou ka aplike pou nenpòt lekòl a yon mil distans de lakay ou, menm si lekòl sa a pa nan zòn plasman pa ou.
 3. **Eske gen pwogram “K1” pou timoun 4 an nan lekòl la?** Timoun ki te deja nan lekòl la ap monte kote yo pral okipe anpil plas K2 pou timoun 5 an yo).
 4. **Eske lekòl la espere ke anpil tifrè ak tisé pral aplike lane pwochèn?** Tifrè ak tisé yo gen premye priyorite pou plas vid yo. Pou sa, mande direktè lekòl la.
 5. **Si ou beswen, eske lekòl la genyen pwogram pou timoun ou avan oubyen apre klas yo pou laj timoun ou?** Gen lekòl ki pa ofri jen de pwogram sa yo; genyen lòt ki pa komansè pou timoun mwen ken an grad matènèl 2 oubyen grad 1. Cheke avan ou chwazi.

APÈSI: Si ou pa jwenn yon plas K2 nan lekòl ou chwazi yo, ou dwe retounen chwazi lòt lekòl pami sa ki gen plas disponib yo. Ou ogmante chans jwenn yon lekòl ou remen lè ou aplike nan debi, kote ou chwazi 5 ou plis lekòl, e kote ou chwazi lekòl ki pa popilè yo. Sonje ke matènèl 0 ak 1 pas gen anpil plas.

*Ofisyèl Sant Resous Fanmi yo kapab diskite enfòmasyon sa a avèk ou, epi reponn kesyon ke ou genyen sou kijan koze lotri an mache.

BPS “Family Resource Centers (FRCs)”:

1216 Dorchester Ave
Dorchester, MA
(617) 635-8015

55 Malcolm X Blvd.
Roxbury, MA
(617) 635-9010

515 Hyde Park Ave
Roslindale, MA
(617) 635-8040

Pou piplis enfòmasyon pi nèt, vizite nou nan www.bostonpublicschools.org, vni pale ak nou, oubyen rele nou nan yon “BPS Family Resource Center”, oubyen itilize “info line Countdown” lan ki se: (617) 63LEARN.

VIZITE LEKÒL YO: Yon Fèy De Travay

Eseye itilize fèy sa a kòm yon èd memwa sou sa ou aprann konsènan lekòl yo, ranpli sèlman sijè ki enpòtan pou ou, epi fè otan de kopi ke ou bezwen.

Non Lekòl la: _____

Localite: _____

Kantite Klas (K-5 ou K-8) e # salklas an nivo klas:

Orè Lekòl la: _____

Total # elèv ak gwosè klas yo (konbyen grandèt ki gen nan chak klas, pwofesè, asistan ak volontè?): _____

* * * * *

Fasilite (teren jwèt, jimnastik, kafeterya, bibliyotèk, pisin?): _____

Aparans lekòl la ak atmosfè a angwo: _____

* * * * *

Kourikoulòm: _____

Espesyalite/anrichisman (mizik, atistik, syans, P.E., langaj?): _____

Nòt pou tès (Test scores): _____

* * * * *

Pwogram avan- ou aprè-klas: _____

Opòtinite pou patisipasyon paran: _____

Divèsite elèv e ofisyèl: _____

* * * * *

Nòt konsènan pwofesè yo, direktè yo ak lòt edikatè: _____

Nòt Adisyonèl (konsènan inifòm, metòd disiplin, lòt koze ki enterese w): _____

ENSKRIPSYON POU KLAS MATÈNÈL NAN LEKÒL PIBLIK BOSTON YO: Baz yo

Kilès? Si pitit ou an pral gen 5 an anvan premye septanm, 2008, ou gen yon plas asire pou klas matènèl nou rele K2 an. N ap gen plis plas nan K1 pou timoun ki pral gen 4 an anvan premye Septanm. Gen tou yon nonb plas limite pou klas matènèl K0 pou timoun k ap gen 3 zan anvan premye septanm. Nou pa garanti plas K1 ak K0 yo.

Kilè? Premye tou enskripsyon an se de kòmansman sòti nan 4 janvye, rive nan 1e fevriye. Enskri tousuit pou w ka gen yon bèl chans pou w jwenn plas nan ypun nan lekòl ou pi renmen yo. Rele telefòn piba yo pou dat ekzak, epi tou pou lè enskripsyon k ap fèt aswè yo.

Kikote? Enskri nan youn nan Sant Resous Fanmi BPS yo:

1216 Dorchester Ave Dorchester, MA (617) 635-8015	55 Malcolm X Blvd. Roxbury, MA (617) 635-9010	515 Hyde Park Ave Roslindale, MA (617) 635-8040
---	---	---

Pou plis local pou inskripsyon vizite www.bostonpublicschools.org.

Kijan?

1. Jwenn nan kilès lekòl ou ka aplike pou pitit ou a Rele alò yon Sant Resous Fanmi ou vizite "website" la: www.bostonpublicschools.org.
2. De 5 novanm a 18 janvye, pandan Tan Vizit Lekòl yo, pwofite deside kilès lekòl ou pi renmen pou fanmi pa ou. Chèche orè vizit yo nan Internet nan www.countdowntokindergarten.org oubyen nan bibliyotèk nan zòn lakay ou, oubyen nan yon Sant Resous Fanmi BPS. (Li bilten enfòmasyon Konte Desann #3 ak #4 pou w jwenn lide sou kisa ou dwe konsidere nan yon lekòl.)
3. Chwazi omwens 5 lekòl pou w mete nan lis aplikasyon w lan. Piplis pibon. Chwazi lekòl ki mwens popilè yo, epi pa pliye preferans zòn pyeton ak ti frè ti sè yo, pou w ogmante chans jwenn lekòl w ap chwazi yo.
4. Jou enskripsyon an, sonje mache avèk 3 bagay piba sa yo:
 - ✓ Yon sètifika nesans (batistè), oubyen paspò timoun lan
 - ✓ 3 prèv adrès (wè lòt bò bilten sa a pou ka konn kisa ki pi bon).
 - ✓ Yon sètifika sante doktè ou klinik avèk prèv vaksinasyon (wè lòt bò an pou yon lis).

Pou dat inskripsyon ak lòt enfòmasyon, tchyeke www.bostonpublicschools.org, vizite, oubyen rele yon Sant Resous Fanmi BPS, ou rele "infoly" nou nan (617) 63LEARN

Politik Rezidans BPS

Tout aplikan dwe prezante omwens **twà prèw kouran rezidans baze soul is piba a**. Dokiman yo dwe enprime ak non epi adrès paran (ou gadyen*) elèv lan sou yo, e paran an dwe prezante yo lè dat enskripsyon an.

Nou pa aplike politik rezidans sa a a elèv ki pa gen kay yo. Si ou panes ou pa gen kote pou rete, ou ke w ap viv nan lòt kondisyon ekstraòdinè, nou priye ou antre an kontak a yon ant Resous Fanmi pou plis enfòmasyon.

Tout aplikan yo dwe prezante omwens yon dokiman nan <u>chak</u> nan kolòn piba yo:		
Kolòn A	Kolòn B	Kolòn C
<ul style="list-style-type: none"> • Kopi kontra achte kay EPI (souch) resi yon pèyman "mortgage" tounèf • Kopi kontra lwaye kay "Lease" (avèk kontra "BHA" epi "HUD") EPI resi dènye mwa lwaye ou fèk peye an • Yon deklarasyon (affidavit) mèt kay lan ki afime ou se yon locatè EPI resi dènye mwa lwaye ou fèk peye an. <p>Pou w jwenn yon kopi fòmilè Affidavit, ale nan: www.bostonpublicschools.org/residency/residency_affidavit.pdf</p> <ul style="list-style-type: none"> • Akò (kontra) seksyon 8 ou 	<p>Yon bòdwo ditilite ki date de mwens de 60 jou, e ki montre:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Bòdwo pèyman gas • Bòdwo pèyman luil • Bòdwo pèyman elektrik • Bòdwo pèyman telefòn (nou pap aksepte bòdwo pèyman sèlfòn) • Bòdwo pèyman kabl 	<ul style="list-style-type: none"> • Yon "driver's license" valid • "Vehicle registration" aktif • Yon kat didantite Massachusetts valid ak foto w sou li • Paspò valid <p>Dokiman date diran lane pase:</p> <ul style="list-style-type: none"> • "W-2 form" • Resi pèyman pèyman oto (Excise) • Resi pèyman pwopriyete <p>Dokiman date oplis 60 jou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Lèt apwouve de yon ajans gouvènman • Souch chèk (Payroll stub) • Deklarasyon bank ou "credit card"

* Gadyen legal yo dwe prezante yon dokiman anplis ki sòti nan yon tribinal oubyen yon ajans.

Pou plis enfòmasyon sou politik rezidans, telephone 617.635.9014.

Ekzijans Konsènan Vaksinasyon

Nan tan lè y ap enskri an, elèv k ap aplike pou matènèl K2 yo dwe prezante prèw vaksinasyon piba yo:

- | | |
|------------------|---------------------------------|
| o 3 doz Hep B | o 2 doz MMR* |
| o 4 doz Polio | o 1 doz Varicella (chicken pox) |
| o 5 doz DtaP/DTP | |

* Aplikan K1 yo sèlman bezwen yon "MMR"

YON JOUNEN TIPIK NAN LEKÒL

Pandan jounen 6-zè nan yon klas matènèl nan BPS, timoun yo apran atravè tout yon evantay aktivite. Kapab gen kèk ti diferans de yon lekòl a yon lòt, men an jeneral, men ak kisa yon younen sanble:

Maten:

- debite avèk yon reyinyon matinal avèk chanson, konte kantite timoun ki prezan, fè konsiderasyon sou tan an, ak lòt fason kreyatif pou aprann nonb, pratike pale an gwoup, epi diskite anpil ide;
- pratike 2 zè “blòk alfabetizasyon” kote elèv yo patisipe nan gwo gwoup ak ti gwoup pou yo bati abilite nan lekti ak nan redaksyon. (Anvan lane a fini, elèv yo ap ekri pwòp liv pa yo!)

Aprèmidi:

- gen ladan li tan sifizan pou tomoun yo chwazi sant oubyen estasyon travay pou yo jwe ak pou yo travay;
- gen ase tan pou jwèt matematik ak aktivite matematik.

Pandan tout jounen an:

- timoun yo ka pase tan avèk yon espesyalis k ap anseye aktivite atistik, konpyoutè, mizik, oubyen lòt sijè;
- elèv yo ka ale nan bibliyotèk lekòl la, nan lòt salklas pou yo aprann syans natirèl ak syans sosyal, oubyen fè ekzèsis deyò avèk yon pwofesè sante;
- genyen yon tan rekreyasyon pou ekzèsis ak jwèt;

Tout timoun yo gen yon tan lib pou yo manje; gen lekòl ki òganize tou yon tan pou goute.

Nan K1: Timoun yo kòmanse ak yon reyinyon an gwoup ki gen ladan li yon souwè byenveni epi yon entwodiksyon sou ki pral disponib pou yo nan mitan tan an. Timoun yo gen inè nan mitan tan an – e pandan peryòd sa a, yo ka deside sou sa yo vle fè. Jounen an gen tou tan pou listwa ak tan pou chante chanson. Klas yo pase divès peryòd an ti gwoup piti pou yo konsantre yo sou opòtinite nan matematik ak lekti. Yo gen tan tou pou pou repo, rekreyasyon, manje, epi goute.

(gade dèyè paj la pou piplis enfòmasyon)

Èske Ou Te Konnen?

Konpyoutè:

Tout lekòl nan Boston yo gen laboratwa konpyoutè e yo tout konekte nan Internet. Ampil klas matènèl yo gen konpyoutè tou la anndan salklas la.

Aktivite Atistik:

Politik "Aktivite Atistik Nan Edikasyon" Lekòl Piblik Boston yo ekzije pou lekòl elemantè yo pou yo ofri omwens 90 zè aktivite atistik pou timoun yo chak lane.

- Lekòl yo (avèk kontribisyon paran yo) deside kisa ke y ap ofri: dans, muzik, teyat, aktivite atistik vizyèl.
- Pandan tout lane a, timoun yo ka aprann kozman atistik yo nanmen divès moun tankou: pwofesè regilye yo, pwofesè atis, atis vizitè, ak ofisyèl biznis atistik ki sòti nan òganizasyon kominotè ki sipòte aktivite sa yo.

Teren pou Jwe ak Edikasyon Fizik [Physical Education (P.E.)]:

Chak lekòl gen yon peryòd kanpo chak jou pou ekzèsis. Gen lekòl ki gen yon pwogram P.E. pi fòmèl.

- Gen lekòl elemantè ki gen basen pou naje. Gen lòt ki itilize pisin nan kominote a.
- "Boston Schoolyards Initiative" bay lajan ki ede plis pase 60 lekòl elemantè posede teren jwèt tounèf.

Manje:

Lekòl yo sèvi dejene ak dine chak jou. Gen manje pou tout timoun.

- Pou w wè si w kalifye pou manje gratis ou a pri redwi, rele Dept. Food Services BPS la nan: (617) 635-9144.
- Timoun yo gen dwa pòte tou pwòp manje pa yo.

Dimansyon Klas yo:

Yon salklas edikasyon matènèl K2 regilye gen yon pwofesè a plen tan e jiska 22 timoun.

- Salklas pou matènèl K2 yo nan edikasyon regilye gen yon pwofesè aplentan e jiska 22 timoun. Tout salklas K2 yo gen yon pwofesè èd a tan pasyèl, yon pwofesè etidyan, ou yon asistan ki sòti nan pwogram kominotè. Lekòl "Superintendent" gen yon maksimòm 20 timoun pou chak klas.
- Preske chak salklas matènèl yo gen youn pwofesè pou tout lajoun an, youn ed pou pwofesè an tout lajoun an ak 22 timoun.
- Klas edikasyon espesyal ak klas enklizyon, kote elèv regilye ak elèv espesyal yo mele, gen mwens timoun nan yo

Patisipasyon Fanmi:

Nou envite paran yo patisipe nan divès fason. Pigwo wòl la se lanse yon mesaj pozitif – fè pitit ou a konnen a ki pwen lekòl enpòtan pou fanmi ou!

- Nan klas matènèl, n ap bay timoun yo devwa lakay debaz pou paran yo ede yo fè, tankou fè lekti oubyen ti jwèt matematik senpl ansanm.
- Chak pwofesè gen yon tan chak semèn pou pale ak paran yo. Donk, ou pa dwe pè rele pou w genyen yon reyinyon. N ap envite w tou nan konferans paran-pwofesè pou wè travay pitit ou a, epi poze kesyon.
- Paran ka travay kòm volontè nan salklas yo, patisipe nan pwomnad, ak nan lòt aktivite lekòl la.
- Chak lekòl, chak mwa, gen yon reyinyon konsèy paran, ki ouvri pou tout fanmi. Lekòl la gen tou yon komite konsèy paran ak edikatè ki eli nan eleksyon e ki kontwole kèk nan desizyon ke lekòl la ap pran.
- Si ou gen kesyon ou kòmantè konsènan edikasyon pitit ou a, pale ak pwofesè pitit ou a. Si ou pa satisfè, pale ak direktè lekòl la. Gen tou yon "BPS ombudsperson" ki travay nan biwo santral la e ki ka ede ou tou si ou vle monte piwo. Rele (617) 635-6995.

PWOGRAM ANVAN- AK APRÈ-KLAS

- Kesyon:** *Ki kote mwen ka voye pitit mwen an anvan ak aprè klas?*
Repons: Anpil nan lekòl elemantè Boston yo gen pwogram la nan lekòl la, ki pafwa sou kont lekòl la, oubyen lòt fwa sou kont yon asosye kominotè. Gen plis pase 200 pwogram tou nan lokalizasyon kominotè nan tout vil la, anba patwonaj YMCA, anpil legliz ak tanpl, sant kominotè, “Boys & Girls Clubs”, pwojè lojman yo, epi tou sant swenyay timoun yo.
- Kesyon:** *Kilè pwogram sa yo travay?*
Repons: Pwogram anvan klas yo ouvri pandan inè ou dezè anvan klas kòmanse (8:30 a.m. nan kèk nan lekòl Boston yo e 9:30 a.m. nan kèk lòt lekòl). Pwogram aprè klas yo ouvri nan fen jounen lekòl la (2:30 oubyen 3:30) jiska 5:30 oubyen 6:00 p.m.
- Kesyon:** *Konbyen pwogram sa yo koute?*
Repons: Sa pwogram sa yo koute depan de zòn lan e de “provider” an, men ou ka jwenn èd pou anpil ladan yo. Pou w konnen si ou kalifye pou èd finansyè, mande pwogram lan ede ou, oubyen rele “Child Care Choices of Boston” nan (617) 348-6641.
- Kesyon:** *Kisa timoun yo ap fè nan pwogram sa yo?*
Repons: Pwogram vo varye anpil. Gen ladan yo ki sèlman konsantre sou devwa lakay, aktivite atistik oubyen espò. Gen lòt ki gen yon evantay chwa trè laj.
- Kesyon:** *E si m bezwen pwogram aprè klas pou kèk jou pa semèn?*
Repons: Anpil nan pwogram yo ap fè antant nan kozman kantite jou pa semeèn lan, men gen k ap prefere timoun ki vini chak jou yo, oubyen ankò, yo ka mande yon tijan pi chè pou timoun sa yo ki pa vini pandan tout jou semèn lekòl la. Genyen ki ka menm aksepte timoun yo nenpòt lè yo vle vini, sou yon baz ki pa ditou regilye.

(gade nan paj aprè a pou piplis enfòmasyon)

Kesyon: ***E konsènan koze transpò a menm?***

Repons: Dabitid, paran yo dwe fè aranjman pou mennen timoun yo nan pwogram anvan klas epi vini chèche yo nan fen pwogram aprè klas yo, byenke gen pwogram ki ofri sèvis transpò. Direksyon Lekòl Piblik Boston yo kapab ofri “Transpò Altènatif” (lage timoun nan pou ou nan yon pwogram aprè klas olye yo mennen li lakay ou) si demand ou a satisfè sèten ekzijans. (Gade nan bilten #8 la).

Si ou bezwen fòmilè aplikasyon pou “Transpò Alternatif la” rann yon visit nan youn nan Sant Fanmi BPS yo:

“East Zone”	“North Zone”	“West Zone”
1216 Dorchester Ave Dorchester, MA	55 Malcolm X Blvd. Roxbury, MA	515 Hyde Park Ave Roslindale, MA
(617) 635-8015	(617) 635-9010	(617) 635-8040

Kesyon: ***Ki kote ke m ka jwenn piplis enfòmasyon konsènan pwogram anvan ak Aprè lekòl yo?***

Repons: Rele nenpòt nan Sant Resous Fanmi piwo a yo pou yo ede w. “Guide to Boston’s Before and After School Programs 2006-2007” la disponib nan de BOSNET a tout bibliyotèk, epi Sant Resous Fanmi BPS yo, oubyen nan Internet nan “www.bosnet.org”. “Child Care Choices” nan Boston lan kapab tou ede paran yo jwenn pwogram anvan ak aprè klas si yo vizite www.Masskidcare.net, oubyen telephone yon an 617-348-6641 (de lendi a vandredi, de 9:30 am a 3:30 pm= oubyen nan reyinyon fas a fas a yon konseyè).

Pou dat inskripsyon ak lòt enfòmasyon, tcheyeke www.bostonpublicschools.org, vizite, oubyen rele yon Sant Resous Fanmi BPS, ou rele “infoly” nou nan (617) 63LEARN.

TRANSPÒTASYON

Kesyon: *Kilès ki elijib pou transpò nan Lekòl Piblik Boston?
Kilè m ka jwenn enfòmasyon otobis pou pitit mwen?*

Repons: Si ou rete a plis pase 1 mil (1.6Km) de yon lekòl elemantè kote pitit ou a ye, nan mwa Out, lapòs ap pòte pou ou orè otobis lekòl la ak tout estasyon yo. (Gen timoun ak enfimite ou lòt kondisyon sante serye ki ka jwenn plis sèvis transpò. Rele Sèvis Medikal BPS la nan 617-635-6788, ou Ed. Especial nan 617-635-8599.

Kesyon: *Èske se yon bon ide pou vyek tikatkat ap monte bis?*

Repons: Chak fanmi dwe pran pwòp desizyon pa li. Gen timoun ki santi ke se zak monte otobis la ki pi eksitan pou jounen an e ki se yon siy ke yo pa tibebe ankò! Gen paran ki suiv otobis la youn ou 2 jou pou yo wè wout la. Yon fwa ke ou gen plasman otobis ou, pa jennen rele depatman transpò a, pou w konnen ki longè wout la ye, epi ak konbyen timoun an total pitit ou an ap nan bis la.

Kesyon: *Ki kote estasyon otobis mwen an ap lokalize?*

Repons: Nou ranmase e depoze pifò timoun ki pran otobis lekòl la yo nan yon kwen touprè lakay yo. Si ou kwè ke estasyon nou ba ou a twò lwen ou lòt kote yon ri danjre, pale sou sa ak direktè lekòl la oubyen avèk yon anplwaye nan yon Sant Resous Fanmi BPS, oubyen rele Depatman Transpò an.

Kesyon: *E si m ta bezwen otobis la pase pran pitit la oubyen depoze li andeyò lakay mwen, tankou kay youn nan gran paran yo oubyen nan yon pwogram aprè klas?*

Repons: Mande direktè a ou nenpòt Sant Resous Fanmi BPS pou yo ba ou yon aplikasyon pou "transpòtasyon altènatif". Nou bezwen 2-3 semèn pou nou travay demand lan, e n ap apwouve li si:

- estasyon sa ke ou mande a deja ekziste sou yon wout otobis ki ale lekòl la oubyen ki sòti lekòl la; e ke
- genyen plas nan otobis la; e ke
- demand ou a pap lakòz ke bis la pral pase plis tan nan wout.

* * *

Si ou bezwen asistans pou kesyon konsènan transpò, rele:

- o Depatman Transpò BPS la nan (617-635-9520)
- o Yon Sant Resous Fanmi nan (617-635-8015, 617-635-9010, 617-635-8040)
- o Lij Aktif BPS la nan mwa Out ak Septanm nan (617-635-9046)

Bilten #9

PREPARASYON POU LEKÒL

Plas Pou N ale ak Kisa N Dwe Fè!

Tout fanmi an dwe patisipe nan “Preparasyon Pou Lekòl la”. Ki meyè fason pou nou ede timoun yo prepare yo pou lekòl?

- **Kenbe yo andeyò danje, an sante, & aktif!** (Li Bilten #10 nou an sou lasante.)
- **Ankouraje enterè natirèl ke yo genyen pou yo aprann ak kiryozi yo sou mond kote n ap viv la.** (reponn tout kesyon ke yo poze. Koze, fè lekti epi chante ansanm!)
- **Ede timoun ou yo mete abilte sosyal yo an pratik** (pataje sa yo genyen, tandè, tann tou pa yo, epi rakonte sa ke yo santi).
- **Aprann lekòl sa a ke yo pral frekante a.**

Timoun k ap antre nan Lekòl Piblik Boston yo premyè fwa ka jwenn 2 pake kado ki gen materyo edikatif eksitan pou yo aprann anvan lekòl ouvè: Yon tablo pou aktivite lakay ak yon kalandriye ke nou rele “*Li ak Desine Chemen ou pou Matènèl!*”. Pou jwenn ki kote ak kilè pou w jwenn kado yo, visite website “www.CountdownToKindergarten.org” oubyen rele (617) 63-LEARN. Eseye tou lòt aktivite bon mache pou timoun nan Boston yo:

Bibliyotèk Piblik Boston yo gen 27 branches ak sipòtè:

- Moman pou sinema ak ti istwa pou tikatkat prematènèl yo
- Evènman Espesyal

Vizite www.bpl.org oubyen rele (617) 536-5400.

42 lokalizasyon “Boston Centers for Youth and Families” yo ofri:

- Leson aprann naje gratis e a bon mache pou elèv ak lòt manb fanmi an
- Klas danse.mizik, ak teyat

Rele (617) 635-4920 pou w konnen kisa n ap ofri touprè lakay ou.

Pak ak Rekreyasyon Boston yo genyen 287 pak & terenjwèt! Anmenm tan tou, yo:

- Òganize festival, parad, konsè ak “ParkARTS” – aktivite gratis tankou konfeksyone poupe ak chante ankè
- Flannen sou “Frog Pond” nan “Boston Common” (patinen nan sezon livè epi fè lòbèy nan dlo nan sezon lete)

Rele (617) 635-4505.

(Tounen paj la pou plis grand aktivite)

“Countdown to Kindergarten” Jwe pou Gwoup K ap Aprann yo:

- Teren jwèt gratis pou gwoup paran ak timoun pou timoun nan laj 1,2, e 3 zan ak gadyen yo
 - Nou gen plas sa yo nan “ELC west”, “Lee School/Academy”, “Holmes”, “Kenny” epi “Winship Schools”, epi tou “Tobin Community Center”
 - Vini pou nou Jwe! Chante! Li! Fe Desen Koulè! Deplase! Ri!
- Vizite <http://www.countdowntokindergarten.org/> ou rele (617) 635-9656

Nan Boston, Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon an responsab:

- 7 enstalasyon woule paten sou glas
 - Pisin, teren pou tenis, pak ak teren pou espò ak jwèt
- Rele (617) 626-1250.

Mize Timoun yo (Children’s Museum) ofri:

- Plas pou tikakat yo jwe, avèk yon chanm pou edikasyon ak yon chanm atelye pou paran
 - Antre: \$1 vandredi swa ak admisyon gratis nan bibliyotèk yo
- Vizite nou nan www.bostonkids.org, oubyen rele (617) 426-8855.

Mize Syans la (The Museum of Science) genyen:

- Yon Sant Dekouvèt (Discovery Center) pou tikakat pijenn pase 6 zan yo
 - Ekspozisyon zannimo ak anpil lòt kichòy ankò
 - Antre gratis nan bibliyotèk yo
- Vizite nou nan www.mos.org, oubyen rele nan (617) 723-2500.

Mize “Museum of Fine Arts” ap prezante:

- “Family Place” kote nou planifye aktivite timoun ak grandèt yo kapab fè ansanm.
 - Divès samdi ak dimanch, apati 6 oktòb, sòti 11 am rive 4 pm.
Pou timoun apati laj 4 an kontinye ak pigran yo.
- Vizite www.mfa.org ou telephone (617) 369-3300.

Akwaryòm Nouvèl Angletè a (New England Aquarium) prezante:

- Yon sant aktivite pou timoun ak rakonte istwa, aktivite atistik, ak metye
 - Yon tank pwason ak anpil etaj, ak pengwen, lyon lanmè, epi lòt kreyati
- Vizite nou nan www.neaq.org, oubyen rele nan (617) 973-6563.

Mize USS Konstitusyon ofri:

- Antre gratis (yo encourage pou bay youn donasyon) a toulede bato a mize yo
 - Tout fanmi an ka antrepou konne enfòmasyon sou bato an ak moun yo kit e kon vwayaje sou li
- Vizite <http://www.usconstitutionmuseum.org> oubyen rele (617) 426-1812

Zoo Nouvèl Angletè a (nan Franklin Park) genyen:

- Yon teren pou jwèt
 - A forè twopikal ranpli ak goril
 - Anpil lyon, giraf, anpil lòt zannimo, ak yon plas kote timoun yo ka apwoche bèt yo
- Vizite nou nan www.zoonewengland.org, oubyen rele nan (617) 541-LION.

Nou ka telephone biwo Majistra a tou (**Mayor’s Office of Special Events and Tourism**) nan (617) 635-3911 pou enfòmasyon sou konsè gratis, parad, epi festival nan anviwon lavil la, oubyen vizite nou nan www.cityofboston.gov. Pou apèsi sou **aktivite preparasyon ou ka fè lakay** ou ak pitit ou, vizite www.countdowntokindergarten.org.

SÈVIS SANTE NAN LEKÒL YO (ak apèsi sou sante ak sekirite)

VRÈ: *Ckak lekòl nan Boston gen omwens yon enfimiyè a tan pasyèl* pou tretman anka pwoblèm, distribye remèd preskripsyon, epi ede nou jere maladi ki dire yo.

VRÈ: *Ou ka rankontre enfimiyè a nan lekòl nouvo w lan menm kote ou resevwa plasman pou lekòl la.* Se sitou enpòtan si sante pitit ou a pa twò kòdjyòm oubyen si li gen yon enfimite. Pou rankontre ak enfimiyè a:

- pandan lane lekòl la, rele lekòl la dirèkteman
- nan seszon lete, rele "Medical Services" : (617) 635-6788

APÈSI: De tout fason, nou ankouraje ou chèche konnen enfimiyè lekòl pitit ou a depi lekòl ouvè. Menmjan ak tout lòt ofisyèl yo nan lekòl la, enfimiyè se yon grandèt enpòtan nan lavi pitit ou a.

APÈSI: Lekòl la ap voye pou ou fòmilè enfòmasyon medikal ak kontak an rmèjansi tousuit aprè premye jou lekòl la. Tanpri rafrechi yo si gen nan enfòmasyon yo ki chanje epi voye yo tounen vit.

APÈSI: *Si pitit ou a bezwen pran remèd regilyèman nan lekòl la, ou dwe gen yon pèmisyon ekri de yon doktè oubyen de klinik ou.* Ou oblije pafwa tann anpil semèn pou w jwenn yon randevou, konsa mande pèmisyon medikal sa a byen anvan lekòl ouvè.

APÈSI: *Fè yon espesyalis tcheyeke zye ak zòrèy pitit ou a anvan lekòl kòmanse.* Si pitit ou a pòte vè oubyen linèt, asire ou ke li ale lekòl ak vè li yo chak jou.

PA BLIYE: Si pitit ou a malad ou gen lafyèv, tanpri, pa voye li lekòl. Li difisil pou yon moun aprann lè sante moun sa an dekonfiti.

(tounen paj la pou plis apèsi sante ak sekirite)

BÒN SANTE EDE W APRANN!

1. Asire ou ke pitit ou a gen asirans sante e resevwa swen medikal regilyèman.

- Chak timoun gen dwa genyen asirans sante. Sonnen telefòn Majistra a nan (617) 534-5050 pou w aprann plis.
- Asire ou ke pitit ou fè yon konsiltasyon medikal jeneral chak lane. Pa vizite yon doktè senpleman lè pitit ou an malad.

2. Pratike bòn abitud sante ak sekirite lakay ou kòm yon fanmi. (Pa bliye: Timoun souvan imite sa yo wè grandèt yo ap fè!)

- Manje ak Nouriti: Pou w ede sèvo a ak kò a grandi, eseye manje ki pa twò sikre, anpil fwi ak legim byen fre, ak manje ki gen kalsyòm.
 - Dejene ou manje bone le maten trè zenpòtan. Asire ou ke pitit uan jwenn dejene chak maten anvan li antre nan klas.
- Aktivite Fizik: Limite gade TV a youn ou 2 zè pa jou, epi fè kèk ekzèsis regilyèman tankou mache, jwe boul, sote kòd, etc.
- Repoze e Dòmi: Anpil jenn timoun bezwen 10 a 12 zè pou yo dòmi chak nuit, byenke genyen timoun ki bezwen plis, ak lòt ki bezwen mwens. Fè timoun nan kouche a yon lè k ap ba li kantite repo ke li bezwen an. (Ou konnen lè timoun lan jwenn lè ke li dwe dòmi an lè pa gen pàn pou li leve nan maten.)
- Sekirite: Timoun ki gen laj klas matènèl dwe chita nan chèz timoun nan ban dèyè e yo dwe pòte kask chak fwa y ap monte bisiklèt oubyen. Pou plis enfòmasyon sou sekirite, oubyen si ou bezwen kask ak chèz timoun a bon mache, telefone “Boston Public Health Commission” nan (617) 534-5197.

Yon mèsi tout espesyal pou “Children’s Hospital” pou patisipasyon yo n an devlopman bilten lasante sa a